ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№174 (23.332) • 2016 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 7, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КIуэкIуэ Ю. А. хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и деж щыIэ ЩIыналъэ зэхуаку банк советым и лэжьыгъэм

**<u>КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и деж щыIэ ЩIыналъэ зэхуаку банк советым и зэIущIэу ипщэ палатэм и спикер Матвиенкэ Валентинэ иригъэкIуэкIам.</u>**



КЪЫЗЭХУЭСАХЭР зыхэплъа Iуэху нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэр тэмэму гъэпсауэ, щIыхуэншэу щытыным финанс IэнатIэм и зэпIэзэрытыныгъэр зэрелъытарщ. Мы Iуэхум и лъэныкъуэкIэ псалъэмакъ пыухыкIа ирагъэкIуэкIащ Урысейм ФинансхэмкIэ и министерствэм, УФ-м и Банк нэхъыщхьэм, УФ-м Къэзыбж и палатэм я унафэщIхэм, сенаторхэм, федерацэм и субъектхэм я Iэтащхьэхэм. ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэм жаIащ бюджет зэхуаку зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэн, щIыналъэхэм тэмэму зауэжьын папщIэ зыхуеину Iэмалхэр къахузэгъэпэщын, абыхэм я хэхъуэхэм я хэкIыпIэхэм зегъэубгъун зэрыхуейр. Апхуэдэу къыхагъэщащ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэнымкIэ банкхэм яIэ мыхьэнэр къызэраIэтыпхъэр.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и деж щыIэ ЩIыналъэ зэхуаку банк советыр зэпымыууэ лажьэ чэнджэщэгъу органщ икIи ар къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и субъектхэм я банк IэнатIэхэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ эксперт, жылагъуэ-политикэ дэIэпыкъуныгъэ яритын папщIэ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблэнэ хэхыгъуэм и депутатхэм папщIэ Iэ зэраIэтыну бюллетенхэр щытрагуэшэну щIыпIэмрэ зэманымрэ я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм фокIадэм и 2-м***
***Налшык къалэ №155/2-5***

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къащта Федеральнэ закон №20-ФЗ-м и 79-нэ статьям и Iыхьэ 12-м, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблэнэ хэхыгъуэм и депутатхэр зэрыхахыну бюллетенхэр зэрагъэхьэзыр икIи зэрытрагуашэ Хабзэм, Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2016 гъэм накъыгъэм и 25-м къыдигъэкIа унафэ №8/72-7-мкIэ къищтам, япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблэнэ хэхыгъуэм и депутатхэр щыхахкIэ Iэ зэраIэтыну бюллетенхэр зэрагъэхьэзырым, зэрызэIэпахым, ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм зэрытрагуашэм кIэлъыплъынымкIэ лэжьакIуэ гупым (адэкIэ - ЛэжьакIуэ гуп) хуэгъэувын Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблэнэ хэхыгъуэм и депутатхэм папщIэ федеральнэ, зы мандаткIэ Iэ щаIэт хэхыпIэ округхэм щрадзэну бюллетенхэр «Тетраграф» ООО полиграфие IуэхущIапIэм 2016 гъэм фокIадэм и 6-м сыхьэт 14.00-м «Тетраграф» ООО-м и унэу Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 хэщIапIэм щыIэм къыщыIихыжыну икIи Iэ зэраIэт бюллетенхэм ящыщу лейхэр (апхуэдэ щыIэмэ) абдеж щигъэкIуэдыжыну.

2. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблэнэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я федеральнэ спискэхэр езыгъэтха политикэ партхэм, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблэнэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандаткIэ Iэ щаIэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпIэ округ» зы мандаткIэ Iэ щаIэт хэхыпIэ округ №14-м къыщагъэлъэгъуахэм икIи ятхахэм, апхуэдэу «Тетраграф» ООО-м яхуегъэхьын.

3. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь Джаппуев М. Хь.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Мусэ.**

• Дыгъуасэ

## Дауэ Адыгэхэм я махуэр зэрырагъэкIуэкIынур?

**<u>КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд фокIадэм и 6-м зэхишащ Адыгэхэм я махуэр ди республикэм щегъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ гупым и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Битокъу Владимир, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, министрхэр, къалэ, район администрацэхэм я унафэщIхэр, лъэпкъ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр.</u>**

ЗЭIУЩIЭМ къыщыпсэлъа **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къалэн нэхъыщхьэхэмрэ абы хыхьэ къудамэхэм я лэжьыгъэхэмрэ, апхуэдэуи нобэкIэ зи ужь ит Iуэхухэм, хамэ къэралхэм щикъухьа адыгэхэм я зэпыщIэныгъэм кууэ зэрелэжьым тепсэлъыхьащ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къыхигъэщащ Адыгэхэм я махуэм ирихьэлIэу Налшык дэт Музыкэ театрым концерт дахэ зэрыщрагъэкIуэкIынур, абы, ди артистхэм нэмыщI, ди къуэш республикэхэм я уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ къызэрырихьэлIэнур.

ЗэIущIэм хэтхэр тепсэлъыхьащ хамэ къэралхэм къикIыну гупхэр дахэу къегъэблэгъэн зэрыхуейм, махуэ бжыгъэкIэ тыншу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэныр къызэрызэрагъэпэщыпхъэм. Ар нэхъыбэу зи пщэ дэлъынур районхэрщ. ХьэщIэхэр фокIадэм и 20-м республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щекIуэкIыну дауэдапщэхэм хэтынущ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий тепсэлъыхьащ фокIадэм и 19-м ДАХ-м и зимычэзу XI Конгрессыр Налшык зэрыщекIуэкIынуми.

**КЪЭБАРТ Нащхъуэ.**



• ЩIэ

## On-line-м и Iэмалхэр къагъэсэбэп

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ къыщызэIуахащ хамэ къэрал къикI студентхэм уазэрыдэлэжьэну щIыкIэм теухуауэ егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ курс. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар университетым илъэс къэскIэ апхуэдэ ныбжьыщIэхэм я бжыгъэм зэрыщыхэхъуэрщ.

ЕгъэджакIуэ 18-м ядолажьэ УрысыбзэмкIэ институту Москва къалэ дэтым, Пушкин Александр и цIэр зезыхьэм, и филолог цIэрыIуэхэр, профессорхэр. Ахэр лекцэхэм къоджэ, Интернетым и online Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ. Курсыр фокIадэм и 16 пщIондэ екIуэкIынущ. ЕгъэджакIуэхэм ягъэхьэзыра проектхэр утыку кърахьэнущ, итIанэ сертификатхэр иратыжынущ.

**УЭЛДЖЫР Аринэ,**
*КъБКъУ-м и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэ.*

## Абхъазым и студентхэр мэкъумэш университетым и хьэщIэщ

**<u>Абхъаз къэрал университетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетымрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, фокIадэм и 5-м Налшык къэкIуащ Сыхъум къалэм щыщу студенти 10.</u>**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ зэрыщыIэну зы тхьэмахуэм кърихубыдэу КъБР-м и мэкъумэш предприятэ нэхъыфIхэр къызэхакIухынущ абыхэм.

ФокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым щекIуэкIынущ хьэщIэхэмрэ республикэм и щIалэгъуалэмрэ зыхэтыну пшыхь. Апхуэдэу къыкIэлъыкIуэ махуэм къызэрагъэпэщынущ Абхъазымрэ КъБР-мрэ я студентхэм я зэIущIэшхуэ.

Зэтеува хабзэм ипкъ иткIэ, хьэщIэхэм Абхъазым и утыкум щыIэ фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэнущ, иужькIэ къалэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэр зрагъэлъагъунущ.

**КIУРАШЫН Заремэ.**

## НОБЭ

♦**Бразилием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1822 гъэм къащтащ ар Португалием къызэрыхэкIым теухуа унафэ.

♦**1688 гъэм** Москва мафIэсышхуэ дыдэ къыщыхъуащ. Абы щIыпIэшхуэ иубыдат икIи члисэ 20-м щIигъурэ унэ лъапсэу миным нэблагъэрэ хисхьат.

♦**1856 гъэм** Александр ЕтIуанэр къэралым и император зэрыхъуам теухуа дауэдапщэхэр Москва щекIуэкIащ.

♦**1859 гъэм** генерал Барятинский Александр зи унафэщI дзэ гупым Гуниб жылэм къыщиухъуреихьри, Щамил Iимамым зитын хуей хъуащ.

♦**1923 гъэм** Венэ щекIуэкIа дунейпсо конгрессым Интерполыр - уголовнэ полицэм и дунейпсо организацэр - къыщызэрагъэпэщащ.

♦**1928 гъэм** ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.

♦**1945 гъэм** Берлин щекIуэкIащ Гитлер и бий коалицэм хэта къэралхэм - СССР-м, США-м, Инджылызым, Франджым - я армэхэм я парад.

♦**2011 гъэм** Ярославль пэмыжыжьэу къыщехуэхащ Як-42 кхъухьлъатэр. Абы исахэм ящыщу къелар кхъухьлъатэм и радиоинженер Сизов Александр и закъуэщ. ЦIыху 44-р, «Локомотив» хоккей командэри яхэту, хэкIуэдауэ щытащ.

♦Урысей тхакIуэ, драматург **Куприн Александр** къызэралъхурэ илъэси 146-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыIакIуэ, Урысейм и цIыхубэ артисткэ **Юрьевэ Изабеллэ** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Шэджэм щIыналъэ администрацэм и унафэщIу щыта **Ахъуэхъу Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦«УрысейщIыдагъэ» къэрал компанием и президент, УФ-м и Президентым деж гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым зегъэужьынымрэ экологие шынагъуэншагъэмкIэ щыIэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь **Сечин Игорь** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисисткэ, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуа, спортым щIыхь зиIэ и мастер **Звонарёвэ Верэ** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

<u>«pogoda.yandex.ru»</u> сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Зэгурыгыуэ гущэщ.**

## Куэтэншы ТIалэ и цIэр школым зэрехьэ

• Фэеплъ

**<u>Бахъсэн районым щыщ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт ещанэ курыт еджапIэм иджыблагъэ гуфIэгъуэ зэхыхьэ щекIуэкIащ а школым республикэм и къэрал лэжьакIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и юрист, Хэку зауэшхуэм и ветеран Куэтэншы ТIалэ и цIэр зэрыфIащам теухуауэ.</u>**



А ЗЭХЫХЬЭМ кърихьэлIащ Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Къэнэмэт Рустам, Бахъсэн районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Iэхъуэбэч Анзор, районым и ветеран зэгухьэныгъэм и советым и тхьэмадэ Абазэ Анатолий, ХьэтIохъущыкъуей къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Къумыкъу МуIэед, Куэтэншы ТIалэ и Iыхьлыхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ.

ЗэIущIэм къыщыщыпсалъэм Къэнэмэт Рустам къыхигъэщхьэхукIащ къуажэ школым и мызакъуэу, мы Iуэхум районым и дежкIи мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «АбыкIэ дэ догъэлъапIэ республикэм и пащхьэм пщIэшхуэ щызиIэ, зауэми лэжьыгъэми Iуэху инхэр щызэфIэзыгъэкIа цIыхум и фэеплъыр, - жиIащ абы. - Ар нэхъыжьми нэхъыщIэми щапхъэ яхуэхъун хуейщ хэкум хуэлэжьэным, ягъэзащIэ къалэным хуэпэжыным и лъэныкъуэкIэ».

Мы Iуэхур къыдэзыхахэм псалъэ гуапэ куэд яхужиIащ илъэс иримыкъу япэкIэ дунейм ехыжа ветераным и къуэ СулътIан. Абы школым и музейм тхылъхэр, сурэтхэр, газетхэм тета тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр иритащ.

Школым и унэм кIэралъхьа фэеплъ пхъэбгъур къызэIуахащ Къэнэмэт Рустамрэ Къумыкъу МуIэедрэ.

Зи цIэр и къуажэгъухэм ягъэлъэпIа Куэтэншы ТIалэ 1922 гъэм щIышылэм и 1-м къалъхуащ. Ар Хэку зауэшхуэм и ветеранщ, республикэм и жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэщ. Республикэм юстицэмкIэ и министр, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и УнафэщI къалэнхэр игъэзэщIащ. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и хэхыгъуиплIым я депутату щытащ.

Куэтэншым «РСФСР-м щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ, къэрал дамыгъэу 70-м щIигъу иIащ, абыхэм Хэку зауэ, Вагъуэ Плъыжь, ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденхэри яхэту.

**УЛЫМБАЩ Лерэ.**



Зумакулов Борис

Фэеплъ





Сэхъурокъуэ Хьэутий

# Мэстафэ Владимир ящыгъупщэркъым

**Жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, цIыхубэ депутат, УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм хэта Мэстафэ Владимир ЖэбрэIил и къуэр щыпсэуа унэм абы и фэеплъ пхъэбгъу щыфIадзащ.**

А ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я лIыкIуэхэр, министерствэхэм, Налшык къалэ администрацэм щылажьэхэр, Мэстафэм и благъэхэр, Iыхьлыхэр.

Мэстафэ Владимир лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министру, КъБР-м и цIыхубэ депутату щытащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ полномочнэ лIыкIуэу Москва щыIащ. Владимир дипломат корпусым щиIэ Iулыдж лъагэм и хьэтыркIэ и республикэм ифI зыхэлъ Iуэху куэд пхигъэкIыфащ, УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм депутату щыщыIам ди лъахэм и экономикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

Фэеплъыр къыщызэIуахым КъБР-м и Парламентым и депутат **Кебеков Владимир** жиIащ Мэстафэм и еджакIуэу, гъэсэну зыкъызэрилъытэжыр.

- Ар егъэджакIуэфIт, лэжьэгъу къызэрымыкIуэт, цIыху псоми зэхуэдэу гуапэу яхущытыф лIы Iущт, - пищащ Кебековым. - Мэстафэр Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми я сыт хуэдэ къулыкъущIапIэми щIыхьэфырт, сэбэпынагъ зыпылъ Iуэхухэр щыпхигъэкIыфырт. И псалъэр ялъытэрт, и гупсысэр купщIафIэт сыт щыгъуи. Дэ зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Мэстафэ Владимиррэ абы и лъэхъэнэм лэжьа ди шынэхъыжьхэмрэ я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр. Абыхэм якIэлъыплъа дэ ар щIалэгъуалэм я деж нэтхьэсыфын хуейщ. Аращ мы фэеплъыр къызэIутхынми щхьэусыгъуэ хуэхъуар.



*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мэстафэр хэкупсэу, лэжьакIуэшхуэу, ныбжьэгъу пэжу дунейм зэрытетар къыхэщу къэпсэлъащ абы лэжьыгъэкIэ, ныбжьэгъугъэкIэ пыщIауэ щытахэу ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, зэман зэхуэмыдэхэм Мэстафэ Владимир дэлэжьахэу **Исмэхьил Алий**, **Бережной Анатолий**, **ГубэщIыкI Владимир** сымэ.

Мэстафэ Владимир и щхьэгъусэ Анфисэ республикэм и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ апхуэдэ гукъэкI зэращIам, хэкум хуэпэжу, лэжьыгъэм хуэмыщхьэхыу псэуа и щхьэгъусэм и фэеплъыр зэрагъэлъэпIам папщIэ. Владимир и къуэш нэхъыщIэ Валерий фэеплъыр къызэIуихри, къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**.

Лъэпкъ зэхыхьэ

# ГъущI и щIэблэр

**Мазэ кIуам и 21-м, КъардэнгъущI унэцIэр зезыхьэхэр, я цIыкIуи ини, щызэхуэсат Налшык и хьэблэшхуэм - Iэдииху. Абыхэм япэ дыдэу ирагъэкIуэкIырт лъэпкъ зэхуэс. Гухэхъуэт зэIущIэм кърихьэлIахэм уахэплъэну - куэд щIауэ зэрымылъэгъуахэм IэплIэ зэрашэкIырт, «мыпхуэдэ Iуэхур къезыхьэжьахэм фIыгъуэу щыIэр Алыхьым къахуищIэ» жаIэурэ фызыжьхэм я гуфIэ нэпсыр щIалъэщIыкIырт, лъэпкъыр щызэхуэса щIыпIэр яхуримыкъуу, къакъэ-пщIыпщIу къэзыжыхь сабийхэм я IутIыжт.**

- КЪАРДЭНГЪУЩIХЭ унагъуэ 50-м дыщхьэдэхащ,- жиIащ лъэпкъым я нэхъыжь, Къэхъун къуажэ щыпсэу Борис, - ди унэцIэр зезыхьэхэм я нэхъыбапIэр зыдэсыр Псыгуэнсущ. Абы нэмыщI, Налшыки, Нарткъали, нэгъуэщI жылэ зыбжанэми дэсщ ди Iыхьлыунэкъуэщхэр. IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым, нобэ дыщIызэхуэзэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ди щIэблэр зэрыдгъэцIыхужыну, ди гухэлъ зэжетIэну, ди фIыр утыку къитхьэну, лъэпкъ IуэхукIэ гукъеуэ гуэр диIэмэ, дытепсэлъыхьыну, ди гуфIэгъуи гузэвэгъуи зэдэдгуэшу дяпэкIи дыкъызэрызэдэгъуэгурыкIуэнум и гугъу тщIыну аращ.

«Iэдииху» шхапIэм и пэш абрагъуэм щIэт Iэнэхэм пэрытIысхьа нэужь, лъэпкъым я нэхъыжьыр зэIущIэм кърихьэлIахэм ехъуэхъуащ я япэ зэхуэсыр махуэ яхуэхъуну, дяпэкIэ нэхъыбэрэ зэкIэлъыкIуэну, зэрылъагъуну икIи щIэблэ узыншэ къазэрыщIэтаджэм зэрыригушхуэр, хэт дэнэ щыпсэуми, ахэр Iэмал имыIэу зэрыцIыхун, зэрылъагъун зэрыхуейр къыхигъэщащ.

Абы и ужькIэ утыку къихьа, «ЖанхъуэтхьэблэкIэ» зэджэ Псыгуэнсу къуажэм



дэс КъардэнгъущIхэ я нэхъыжь Мусэрбии адрей къэпсэлъахэми къыхагъэщащ я нобэрей зэхуэсым дэрэжэгъуэшхуэ къазэрыритар, я лъэр зэригъэжаныр, а Iуэхум хэлIыфыхьахэм псапэ къызэрахьар, яужь къиувэнухэм бащэкIэ зэращыгугъыр, лъэпкъ зэIущIэхэр дяпэкIи щIэх-щIэхыурэ ирагъэкIуэкIыну зэрагугъэр.

- Сэ куэд щIащ КъардэнгъущIхэ сакъызэрыхыхьэрэ, - жеIэ зэхуэсым кърихьэлIа нанэхэм ящыщ зым, - Лела, - лъэпкъ узыншэщ, фIыуэ зэрылъагъу, зэрыIыгъ защIэщ. Сохъуэхъу ди лъэпкъым:

**Я уафэр къащхъуэу,**
**Я щIылъэр щхъуантIэу,**
**Я Iэнэр утыкум имыкIыу,**
**Берычэтыр абы темыкIыу,**
**Я лэгъупым лыр изу,**
**Я гуэнхэм гъавэр щIэзу,**
**ЩIалэгъуалэм я жыпым ахъшэр къищэщу,**
**ЗэIэбэкIмэ, берычэтым хэIэбэу,**
**ХэIэбэ пэтми, хэмыщIу,**
**Нэхъыжьхэр къехъуэхъуу,**
**НэхъыщIэр къехъуапсэу,**
**Фочауэ зэхамыхыу,**
**Я дунейр мамыру**
**Алыхьым игъэпсэухэ!**

КъызыхэкIа лъэпкъым я зэхуэс илъагъуну куэд щIауэ и нэ къикIырт КъардэнгъущIхэ япхъу, БецIыкIухэ я нысэ Тосэ. ИкIи а Iуэхур къызэгъэпэщыным ар жыджэру хэтащ:

- Нобэ ди махуэшхуэщ. Уи цIыкIуи уи ини зэуэ зэхуэсауэ плъагъуныр гухэхъуэгъуэшхуэщ. Хуабжьу дыщогуфIыкI ар нобэ къызэрыдэхъулIам. Тхьэм куэдрэ тхуигъэпсэу дяпэ ит нэхъыжьхэр, ди щIэблэм я гуфIэгъуэ, я ехъулIэныгъэ куэд Тхьэм дигъэлъагъу мыбы кърихьэлIахэм. Псом хуэмыдэу, псалъэ гуапэ хужысIэну, сехъуэхъуну сыхуейт лъэпкъым ди нэхъыжьыфIхэм ящыщ Мусэрбий. Абы хуабжьу гугъу зригъэхьащ ди зэIущIэр зэхэшэным теухуауэ. УзыншагъэкIэ гукъеуэ имыIэу Алыхьым илъэс куэдкIэ и жьауэм дыщIигъэт.

КъардэнгъущIхэ жыджэру хэтщ республикэм, къэралым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм. Абыхэм къахэкIакъым лъэпкъым хуэмыфащэ зылэжьа, цIейнэпейкIэ зыгъэIуа. Апхуэдэ щытыкIэм иригушхуэхэм ящыщщ МыгъуэлIхэ я нысэ Ирэ:

- КъардэнгъущIхэ хабзэ зыхэлъ, пщIэ зыхуащI лъэпкъ къызэрыгуэкIщ. Дяпэ итахэри нобэ тхуэпсэу ди нэхъыжьхэри щапхъэ тхуэхъуу дыкъогъуэгурыкIуэри, адэкIи апхуэдэу декIуэкIыну ди гурылъщ. Адыгэ лъэпкъ тIэкIур дымыкIуэдыжу, дызэкъуэту, ди щIалэгъуалэм дащыгуфIыкIыу Алыхьым дызэдигъэпсэу.

КъардэнгъущI лъэпкъым и тхыдэм, абы къахэкIа цIыху щэджащэхэм зэIущIэм кърихьэлIахэр щыгъуазэ ищIащ пщIэрэ щхьэрэ иIэу илъэс IэджэкIэ егъэджакIуэу лэжьа, а лъэпкъым я нысэ Семэн Iэмсирэт ТIутIэ и пхъум. Абы зэрыжиIамкIэ, XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм КIахэмкIэ къикIри Жанхъуэт Кушыку деж къэкIуащ зэкъуэшитI - ГъущIрэ ГъущIыпсэрэ. «ДумыгъэлIыщIэу уи жылэм дыдэбгъэсынумэ, дыкъэIэпхъуэнут», - жаIащ зэшхэм. Пщы уэлийм зэшитIым я шыфэлIыфэр игу ирихьри, арэзы хъуащ. ГъущIыпсэ унагъуэ иIакъым, я лъэпкъыр къызытепщIыкIар ГъущIщ. Къардэн унэцIэт нэхъапэм зэрахьэу щытар. ГъущI дунейм ехыжын ипэ уэсят ищIат мыпхуэдэу: «Къардэнхэ зыдэмыс жылэ щыIэкъым. Си щIэблэр абыхэм яхэмышыпсыхьын щхьэкIэ, ди унэцIэм си цIэр пагъэувамэ арат» - жиIэри. А щIыкIэм тету КъардэнгъущI хъуахэщ.

КъардэнгъущIхэ къахэкIащ къуажэм, районым, республикэм фIыкIэ зи цIэр щыIуа зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ къуажэ колхозым и тхьэмадэу щыта, ар мелуанырыбжэ зыщIа Мурид, «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа Хьэлид, дуней псом адыгэу тетыр зэрыгушхуэ лъэпкъылI телъыджэ, Мурид и шынэхъыщIэ Зырамыку сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхуэсым къыщыхалъхьащ КъардэнгъущIхэ я фонд къызэрагъэпэщыну.

**МЫЗ Ахьмэд**.

Жыжьэ - гъунэгъу

# ЛIыгъэр зи Iэщэ

**Телевиденэм ущылэжьэныр гъэщIэгъуэнщ, зэфIэкI зиIэ цIыхухэм уахуэзэну е апхуэдэхэм я гъащIэм зыщыбгъэгъуэзэну Iэмал къуетри. Нэгъабэ згъэхьэзыра зы нэтын и гугъу фхуэсщIынут, ар сигу къинащи. Хэку зауэшхуэм и лIыхъужь, «ЩIыхь» орденым и нагъыщищри зыхуагъэфэща Мусэ Менлыт ар зытеухуар.**

СЫЗЭРЫЦIЫКIУ лъандэрэ Мусэ Менлы и цIэр зэхэсхырт, си анэшыр ар щалъхуа Къармэхьэблэрати. Телевиденэм лэжьэн щыщIэздзауэ си редактор нэхъыщхьэ Хьэгъундокъуэ Сэлисэт Мусэ Менлы теухуа нэтын згъэхьэзырыну къыщызжиIэм, занщIэу арэзы сыхъуащ.

Мусэ Менлы къыщалъхуа лъэхъэнэр зэман тынштэкъым (къапщтэмэ, дапщэщ упсэуну тыншу щыщытар?). ЩIалэм и адэ ФIыцIэ пасэу дунейм ехыжри, анэмрэ лъэпкъым я нэхъыжьхэмрэ я нэIэ щIэту къэхъуащ ар. И къэшэгъуэ щыхъум, Гъурыжьхэ япхъу ФатIимэ щхьэгъусэ хуэхъуащ. 1930 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м дунейм къытехьащ я щIалэ цIыкIу МэчрэIил зыфIащар.

Менлырэ ФатIимэрэ зэгуэкIуауэ унагъуэ хъуами, гъащIэр къахуэткIиящ - МэчрэIил ныбэ илъу ФатIимэ и дыщым яшэжащ, щхьэусыгъуэ гуэр къагупсысри. ЩIалэр и анэм къыкIэрачри, Мусэхэ къратыжащ. Апхуэдэу Менлы - щхьэгъусэншэ, МэчрэIил анэншэ хъуащ.

И унагъуэр зэракъутар гугъуехьхэм я щIэдзапIэу къыщIэкIащ. Колхозым жыджэру хэт Мусэ Менлы пцIы къытралъхьэри, КъуэкIыпIэ Жыжьэм ягъакIуэ. Пэжыр мыгувэу наIуэ къэхъуащ - Менлы зэрыхейм къулыкъущIэхэр щыхьэт техъуэри, къаутIыпщыжащ. Ауэ Мусэхэ я къуэм и Хэку къимыгъэзэжу занщIэу дзэм хыхьащ. «ЕхъулIэныгъэ гуэрхэр сиIэмэ, си щхьэр Iэтауэ, сыныфхыхьэжынщ», - арат Менлы и Iыхьлыхэм къахуиIуэхуар. Зэман куэд дэмыкIыу Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Менлы зауэм щызэрихьа лIыгъэм теухуауэ зы тхылъ птхыж хъунущ. Ар пасэм къалъхуауэ щытамэ, джэгуакIуэжьхэр хуэусэну къыщIэкIынт. Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыр зэригъэунэхуар зы тхыгъэ кIэщIым къыпхуигъэзэгъэнукъым, ауэ езы Менлы и гукъэкIыж зыбжанэ - тхылъхэм, газетхэм ихуахэм ящыщу - къыхэзгъэщыну сыхуейт:

«Зэхэуэр кIащхъэ хъуртэкъым. Фашистхэм я ебгъэрыкIуэныр нэхъ зэпыуащ щыжаIэм, щIытIхэм драшалIэ зауэ зымылъэгъуа щIалэ гупыр. Куэд дэмыкIыу зэхэуэм щIидзэжащ: топышэхэмрэ лагъымхэмрэ тщхьэпролъэт, пулемётышэхэр уэм хуэдэу къыттрагъэлъалъэ. Нэмыцэ кхъухьлъатэхэри къытщхьэщыхьащи, ди щхьэхэр къыдагъэIэтыркъым. ДэнэкIи Iугъуэщ, гъуэзщ, мафIэщ... ЗэщIэфие, зэщIэгъуагэ макъхэр зэхыхьэжащи, тхьэкIумэIупсыр Iуач».

Менлы и тхьэкIумэхэр щиубыдыкIащ, и Iур гъущIащ, гын Iугъуэр и нэм щIэбжьэу хуежьащи, и нэпсхэри къыщIож. «Жыхьэнмэ мафIи мы сыкъызыхэхуар», - апхуэдэу егупсысыну хунэса къудейт, Iэуэлъауэ псори зэуэ увыIэжу и хъуреягъыр щым щыхъужам.

- ЗэфIэкIа? - йоупщI Менлы и ныбжьэгъум.

- Иджыщ щыщIадзэнур, умыбэлэрыгъ, - жеIэ Лисицэ. - Ауэ абы ящIэнури дощIэри дэ тщIэнури дощIэж. Танк къызэрагъауэ лагъымыр къэгъэхьэзыр.

Лисицэ къыпыгуфIыкIыу къызэрепсалъэм и гур фIы ищIыжауэ Мусэм зызэпелъэщIыхьыж. ИтIанэ маплъэри, зы абрагъуэ гуэрхэр уэсым къыхэунэхукIхэу елъагъу. Ахэр кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къохъу. Нэмыцэ танкхэр къахуокIуэ, абыхэм я къуагъым къуэту лъэсыдзэри къокIуатэ.

- Фызэрыуэнум зыхуэвгъэхьэзыр, - унафэ ещI Лисицэ.

Менлы лагъымыр къещтэри екъуз. Совет зауэлIхэм къахуэкIуэ танкхэр шынагъуэми, зыри и пIэ икIакъым. Мис иджыпсту къосыпэ гъущIыпэ абрагъуэхэр щыжаIэм, Мусэм лагъымыр танк щIагъым кIэщIедзэ. Лисицэ идзари гъунэгъуу къыщоуэ. А жэщым ди лIыхъужьхэм къагъэувыIэну яхузэфIэкIащ бийр къызэребгъэрыкIуэр. Нэху щыщам Менлы и гъусэу бийм пэщIэтахэм я нэгу езэшахэм иплъэри, цIыху абрагъуэу къыщыхъуахэр езым хуэдэу сэлэт къызэрыгуэкIт. Апхуэдэу Мусэр зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэм теувауэ щытащ.

Лисицэ Пётр жыхуаIэр Менлы и ныбжьэгъу дыдэ хъуат. Фочауэ дивизэм хэта Мусэр иужькIэ тIасхъэщIэх гупым хагъэхьэри, бийм и щIыб кIуэ хъуащ. Зэман куэд дэмыкIыу Лисицэр къаукIащ. Ар къыщыхъуар Польшэм и щIыналъэрат. Менлы зимыIэжьэу я нэхъыщхьэм и деж кIуащ, яукIа и ныбжьэгъум и снайпер Iэщэр кърату лъы ищIэжыну хуит къищIыну лъаIуэу. Гуауэр зыгъэв Менлым зыри пэрыуакъым.

Мусэ, адыгэхэр шу закъуэкIэ зэджэу щытам хуэдэу, ежьащ, лъы ищIэжын мурад иIэу. Махуэ ещанэращ Лисицэр къыхэзыгъэщIа снайперым ар щыIууар. ТIури игъуэлъыкIри ежьэу щIадзащ хэт япэу зигъэхьейуэ щыуагъэ ищIэнуми. Менлы и зы лъынтхуэ хэмылъэту и Iэпэр кIакхъум телъу сыхьэтищым нэблагъэкIэ щылъа иужь, нэмыцэм хуэмышэчу тIэкIу зигъэхъеящ. Ар Мусэм и дежкIэ куэдыщэт - Лисицэ и снайпер фочыр уэри, зи псэр хэкI бийр мывэм къыкъуэукIуриикIащ.

Лисицэ Пётр и Iэщэр иIыгъыу Менлы адэкIэ Хэку зауэшхуэм хэтащ. Зауэр иухыху ар къыпэрыкIакъым снайпер IэнатIэм. Архивым хэлъ дэфтэрхэм зэритымкIэ, снайперу щытыху, адыгэ лIыхъужьым нэмыцэ офицеррэ сэлэту 50 иукIащ, тIу уIэгъэ ищIащ, 12 гъэру иубыдащ. А псор къалъытэри, Мусэ Менлы «ЩIыхь» орденым и нагъыщищыр къыхуагъэфэщащ.

- Езы тхьэмыщкIэм и тхьэмбылым къутахуэ хэлъу къэкIуэжат. КъыщаутIыпщым зиIэжьэн идэжатэкъым, нэкъуэдыкъуэ зэрыхъуамкIэ тхылъ кърартын хуейми. «Си анэ тхьэмыщкIэр къыспоплъэ, си къуэр къызожьэ», - жиIэри къафIэкIуэжащ. КъэкIуэжа щхьэкIэ, Тхьэм ущихъумэ ар къызрихьэлIэжам, - къыджиIащ Менлы и нысэ Нурэ. - И анэ тхьэмыщкIэр къэрэшеипхъути, Азием яшахэм яхэхуащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къыздекIуэлIэжар лъапсэ нэщIт. И унэр зэтекъутат. Менлы гъуэгыу лъэсу щIэпхъуауэ, Сэрмакъ нэсауэ пIэрэ жыпIэу, къаубыдыжри, «уэ узыкIэлъыкIуэм дэри дынэкIуэнт, зыгуэр хэпщIыхьыж хъуну щытамэ, ауэ зыри хэпщIыхьыжыфынукъым, щыIэжкъым уи анэр», - къыжраIащ. Арати, етIысэхри Iэджэрэ гъащ. ШыплIэм къыдалъхьэри, къахьыжащ Къармэхьэблэ.

И анэ мыгъуэр фызыжьыфI дыдэу щытауэ жаIэ. МэчрэIил цIыкIут, илъэс 13 хъууэ арат, балъкъэрхэр я хэкум щрашым, а сабийр и анэшхуэм къахукIэрычыртэкъым. «И гъусэу сыкIуэнущ дэнэ яшэми» - жиIэрт. Абы щыгъуэм Менлы и ныбжьэгъуу къуажэм къыдэнахэр зэхуэсри унафэ ящIауэ щытащ: «ЩIалэ цIыкIур дедгъэшмэ, Менлы къытхуигъэгъункъым». ХэкIыпIэ къагупсысри, щIалэ цIыкIум и анэм хуаIуэхуащ: «Уи къуэр думыгъэшу зэшэлIэж, и адэр къэкIуэжыху» - жаIэри. Дашын хуей балъкъэрхэр кхъэм ирахуауэ итти, лIыхэм цIыхубзыр къашэри, сабийр и анэшхуэм къыкIэрырагъэтхъыжауэ щытащ. АбыкIэ Iуэхур зэфIэкIакъым. И анэ къэзылъхуам и гъусэ хъужа МэчрэIил кIуасэри, Къэзахъстаным яша и анэшхуэм кIэлъыкIуащ, ауэ къыкIэрыхуат - фызыжьыр псэужтэкъым. ИлъэскIэ къэтауэ къуэрылъхур и унэ къекIуэлIэжащ, - дыщегъэгъуазэ Нусэ.



Апхуэдиз гуауэр зыгъэва Менлы къэдзыхакъым. Сонэхэ япхъу къишэри, зы хъыджэбзи зэдагъуэтауэ щытащ ФатIимэ и цIэу. Къуажэ колхозым и унафэщI Гугъуэт Лалу ириджэри, Iэщ IуэхухэмкIэ и къуэдзэу игъэуващ Менлы. Колхозым къыхуэнэжауэ щыта мэл миныр япэ илъэсым минрэ ныкъуэрэ хъуащ, ещанэ илъэсым минищым нэсу ягъэбэгъуащ. Ауэрэ илъэсипщI иримыкъум колхоз мэлыр мин щэщIым нэблэгъэжат. ЗэфIэувэжат Iэщышхуэмрэ шыхэмрэ я бжыгъэри. КъызэIуахыжырт гъэш фермэхэр, мэл пщыIэхэр. Ауэрэ Мусэр КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахауэ щытащ.

УIэгъиплI зауэм щызыгъуэта Менлы 1961 гъэм гъатхэпэм и 21-м ажалыр къылъэщIыхьэжащ.

Менлы и цIэр дыщэпскIэ тетхауэ тетщ Мэзкуу щыIэ Поклонная гора жыхуаIэм. Илъэс къэс абы и цIэкIэ зэхьэзэхуэхэр шахматымкIэ, мотокроссымкIэ йокIуэкI. КъищынэмыщIауэ, Шэджэм, Къармэхьэблэ, Дзэлыкъуэкъуажэ, Налшык, Бахъсэн щыIэщ абы и цIэр зезыхьэ уэрамхэр.

«ЛIыгъэ зиIэм Iэщэ иIэщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Менлыи лIыгъэр и Iэщэу псэуащ. Сыт мыбдеж лIыгъэ псалъэм къызэщIиубыдэр? Дауи, илъэс зыбжанэкIэ зауэ IэнатIэм уIутын щхьэкIэ гу пкIуэцIылъын хуейщ. Ауэ апхуэдизу зыкъыпхуэзыгъэткIия гъащIэм залым уимыщIу, цIыхугъэр псом нэхърэ зэрынэхъапэр пщымыгъупщэу упсэуфын папщIэ, лIыгъэ нэс къыпкъуэкIын хуейщ. Мусэ Менлы ФIыцIэ и къуэм ар хузэфIэкIауэ жыпIэу щытмэ, ущымыуэну къысщохъу.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Астемыр**.

# Мудрэн Беслъэн Адыгейм щаIэт

**Иджыблагъэ Адыгейм щагъэлъэпIащ Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа XXXI Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм дзюдомкIэ дыщэ медалыр къыщызыхьа Мудрэн Беслъэн.**

ГУФIЭГЪУЭ зэIущIэм кърихьэлIат Адыгейм и Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэ Нарожный Владимир, премьер-министр КъумпIыл Мурат, республикэм и спортсменхэр, спортшколхэм щIэсхэр, жылагъуэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр.

- Дэ дрогушхуэ Рио-де-Жанейрэ чемпион щыхъуахэу ди лъахэгъу дзюдоист Мудрэн Беслъэнрэ гандболымкIэ Урысейм и цIыхубз командэм и гъуащхьэтет Калининэ Викториерэ. Абыхэм я ехъулIэныгъэхэм къежьапIэ хуэхъуащ Адыгейм зэрызыщагъэсар, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэн, къызэхуэсахэм захуигъазэу. - Ди дежщ къыщыхъуар нэхъапэм Олимп чемпион хъуахэу Чыржын Мухьэрбий, Невзоров Владимир, Алифиренкэ Сергей, жэз медалыр абы къыщызыхьа Емыжь Iэрамбий сымэ, нэгъуэщIхэри. Дыщогугъ дяпэкIи апхуэдэ спортсмен лъэщхэр республикэм къыщыхъуну икIи абы папщIэ дэ тлъэкI къэдгъэнэнукъым.

Бразилием щытекIуа Мудрэнымрэ Калининэмрэ фIыщIэ хуащIу зэIущIэм къыщыпсэлъащ Правительствэмрэ Къэрал Советым-Хасэмрэ я унафэщIхэри.

Республикэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр - «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр - ягъэлъапIэхэм иратащ. Абы дыщIагъуащ саугъэту сом мелуан зырыз.

- Сэ хуабжьу си гуапэщ мыбы сызэрыщыIэр, - щыжиIащ зэIущIэм Мудрэн Беслъэн. - Сэ езым мейкъуапэдэсу зызолъытэж, сыту жыпIэмэ мы къалэм илъэс куэдкIэ зыщызгъэсащ икIи япэ ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызгъэхьащи. Республикэм щыпсэу дэтхэнэми фIыщIэ ин хуэсщIыну сыхуейщ - Бразилием къыщысхьа дыщэ медалым Адыгейм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

Официальнэу къызэрагъэпэща Iуэхугъуэхэр зэфIэкIа иужькIэ, АР-м и Правительствэм и Унэм и щIыхьэпIэм и деж адыгэ джэгу къыщызэIуахащ. Абы и лъэгу щыщIигъэплъащ Мудрэн Беслъэни.

НэгъуэщI хъыбар гуапи къытIэрыхьащ: Краснодар къалэм и администрацэм унафэ къищтащ Олимп щIыхьым и аллее я щIыпIэм къыщызэIуахыну. Абы зи цIэ ихуэнухэм ящыщщ Мудрэн Беслъэн. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ди лъахэгъум иужьрей зэманым зыщигъасэр Краснодар крайм хыхьэ Армавир къалэращ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**.



Адыгейм и ЛIыщхьэм Мудрэн Беслъэнрэ Калининэ Викториерэ егъэлъапIэ.

● Еджэныгъэ



# ГъащIэр зыгъэнэху

**Ди республикэм къэралыгъуэ иIэ зэрыхъурэ 1932 гъэм илъэси 10-м щIигъуа къудейуэ арами, щIыналъэм игъуэта социально-экономикэ щытыкIэмрэ абы егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зэрызыщаужьамрэ япкъ иткIэ, ди щIыпIэм еджапIэ нэхъыщхьэ иIэныр Iэмалыншэ Iуэху хъуат. ЩытыкIэр къалъытэри, РСФСР-м и Правительствэм 1932 гъэм и мэлыжьыхьым унафэ къищтауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым пединститут щхьэхуэ къыщызэIухыным теухуауэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэт ар. Пединститут къызэIуахын и пэкIэ ди лъэпкъ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыру щытар Орджоникидзе (иджы Владикавказ) дэта Горскэ пединститутырт. КъБКъПИ-м япэ студентхэм папщIэ и бжэр къызэIуихащ 1932 гъэм фокIадэм и 15-м. Студенти 100 щеджэрт абы и къудамищым: биологие, физико-математикэ, литературэ факультетхэм. Ахэр щIэныгъэм и гъуэгум трашэрт егъэджакIуэ 13-м, профессоритIрэ доцентитIрэ яхэту. Нэхъ иужьыIуэкIэ къызэрагъэпэщащ тхыдэмкIэ, естественно-географиемкIэ, бзэмкIэ къудамэхэр. Зэрылэжьа илъэсхэм къриубыдэу институтым егъэджакIуэ 4200-рэ игъэхьэзыращ. Ар Кавказ Ищхъэрэм и еджапIэ нэхъыфIхэм хабжэу щытащ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм ди къэралым щекIуэкIа щIэныгъэ-техникэ революцэм къигъэува къалэнхэм ящыщт зызыужь экономикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыныр. 1956 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым СССР-м и унафэщIхэм я деж игъэхьауэ щытащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур республикэм щыгъэлъэпIэн зэрыхуейм теухуа тхылъ, абы ирихьэлIэу гъэзэщIапхъэу къалъытэхэр иту. А тхылъым щхьэхуэу къыщыщыгъэлъэгъуат пединститутыр къэрал университет щIыжын зэрыхуейм теухуа жэрдэмри. Нэрылъагъут зызыужь лъэпкъ экономикэмрэ жылагъуэмрэ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэ зэрыхуэныкъуэр.

Ар фIы дыдэу къызыгурыIуэт гъащIэм и бэуэкIэр псэкIэ зыхэзыщIэу щыта политик Iэзэ, еджагъэшхуэ Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр. Абы къилъытэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым езым и къэрал университет иIэжыпхъэу. IэщIагъэлIхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм щагъэхьэзырурэ республикэм лэжьакIуэ къагъэкIуэжыфыну жаIэрт абы къыпэщIэувэхэм, арщхьэкIэ ХьэтIутIэ лIыгъэ къыкъуэкIащ и гупсысэм лъабжьэшхуэ зэриIэр абыхэм къагуригъэIуэну, и мурадхэр зригъэхъулIэну. Бэрбэчым и Iуэху еплъыкIэр къыдэзыIыгъхэри мащIэтэкъым. Лъэпкъ интеллигенцэм ящыщ щIэныгъэлIхэр, IэщIагъэлIхэр мызэ-мытIэу тхащ щIыналъэ, къэрал унафэщIхэм я деж, Бэрбэчым къыхилъхьа жэрдэмыр зэрыIэмалыншэ Iуэхур къыхагъэщу.

1957 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къищтащ Къэбэрдей пединститутыр и лъабжьэу, ди республикэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет къызэрыщызэIуахым теухуауэ. РСФСР-м и Министрхэм я Советми а зэман дыдэм унафэ ищIащ Налшык мэкъумэш техникумым и унэр, общежитыр, еджапIэм и мылъку-техникэ базэр псори КъБКъУ-м етын хуейуэ. Куэд дэмыкIыу нэгъуэщI зы укази къаIэрыхьащ республикэм и унафэщIхэм: «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору гъэувын тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр», - жиIэу иту.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэIуахым щымыгуфыкI зы цIыхуи ису къыщIэкIынтэкъым ди щIыналъэм. Абы теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэ ин республикэм щекIуэкIащ 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м. Ди республикэм и щIэныгъэ-творческэ интеллигенцэм, ди цIыху псоми гуфIэгъуэшхуэр даIыгъыну щIыналъэм къеблэгъат Москва, Ленинград, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм я лIыкIуэхэр, къэрал унафэщIхэр. Махуэшхуэ зэхуэсым и утыкум доклад щищIат абы и ректор Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэм.

И къулыкъум щыпэрыува япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ ХьэтIутIэ лъэкIыныгъэу, зэфIэкIыу бгъэдэлъ псори ирихьэлIащ еджапIэ нэхъыщхьэм и щIэныгъэ, техникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэным, ар нэхъри гъэбыдэным. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт щIэныгъэм и зыужьыныгъэм щIыналъэм къыхуихьыну ехъулIэныгъэ лъагэхэр, икIи еджапIэм занщIэу лэжьапIэ къригъэблэгъащ къэралым и математик, физик, химик, филолог цIэрыIуэхэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Бэрбэчым игъэтIылъащ университетым и егъэджэныгъэ-щIэныгъэ лъабжьэ быдэр. Нобэ а еджапIэм зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэми я лъабжьэ, къежьапIэ пэж хъуащ Бэрбэчым абы щыгъуэ иубзыхуа Iуэху зехьэкIэр.

Къызэригъэпэща университетым Бэрбэч ХьэтIутIэ нэхъыбэм зэреджэр «гъащIэм и нэхугъэ», «зыужьыныгъэм и джэлэс» псалъэхэмкIэт. ИпэжыпIэкIэ е еджапIэ нэхъыщхьэр хъуащ щIэныгъэм ди цIыхубэр хуэзыша нэхугъэ. ФакультетиплIу зэхэту (тхыдэ-филологие, физико-математикэ, инженер-техникэ, мэкъумэш) лэжьэн щIэзыдза еджапIэ нэхъыщхьэр гъуэгуанэщIэ теуващ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и статусыр зэрахъуэжам къалэну къыхуигъэувыр зыхуэдизыр фIыуэ зыщIэ ректорым а лъэхъэнэм куэд зэфIигъэкIащ. КъБКъУ-м зэман кIэщIым къриубыдэу хэпщIыкIыу зиужьауэ, математикэ, физикэ, химие, филологие щIэныгъэхэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьауэ щытат.

Ди республикэм университет къызэрыщызэIуахар Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ адрей лъэпкъ автономиехэми щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зыщаужьынымкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iуэхугъуэт. А щIыналъэм кърибубыдэ автономиехэм ящыщу университет япэу къыщызэIуахар ди республикэращ. КъищынэмыщIауэ, IэщIагъэ куэдым щыхурагъаджэ классикэ университетхэр къэралым къыщызэIухыныр къыщежьари абдежщ.

Илъэс зэхуэмыдэхэм университетым и ректору щытащ КIэрэф Къамболэт, Лъостэн Владимир, Къарэмырзэ Барэсбий. Дэтхэнэ зыми хузэфIэкI гуащIэ хилъхьащ абы и зыужьыныгъэм. Мы зэманым абы и унафэщIщ техникэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Алътуд Юрий.

Зыужьыныгъэм и гъуэгу кIыхь къызэринэкIащ КъБКъУ-м. IэщIагъэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэхэр гугъуехь щыхэта 1990 гъэхэм университетри хуэзащ лъэпощхьэпо куэдым, ауэ и къаруури зэфIэкIри яхъумэу, ямыгъэлъахъшэу, щIыхь иIэу щытыкIэ гугъум къикIыфащ. КъБКъУ-р мылъкукIи, къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкI IэмалхэмкIи, IэщIагъэлIхэмкIи лъэщу зэщIэузэдащ. Къэралым и еджапIэ лъэрыхьхэм халъытэ КъБКъУ-м, иджырей егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм зэрыхуэфащэу, университет комплекс зэпэщ иIэщ, кадр, щIэныгъэ, мылъку-техникэ, щэнхабзэ, хъыбарегъащIэ, экономикэ Iэмал псомкIи къызэгъэпэщауэ. Ар япыщIащ къэрал куэдым щыIэ еджапIэхэм.

КъБКъУ-р къокIуэкI, езым и хабзэхэмрэ Урысейм япэу щызэфIэува университет комплексым и фIагъымрэ ихъумэу. ХэпщIыкIыу зиужьащ абы, зэлэжь унэтIыныгъэхэми хэхъуащ. ЕхъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэу, лъагапIэщIэхэр къищтэу лажьэ а еджапIэ нэхъыщхьэм илъэс блэкIахэм игъуэта зыужьыныгъэшхуэм укIэлъыплъмэ, наIуэ мэхъу ар Урысей Федерацэм и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъ пажэхэм зэращыщыр.

Нобэ КъБКъУ-р Урысей Федерацэм и щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центр пашэхэм ящыщщ. Абы щолажьэ IэщIагъэлI 2000-м щIигъу, щIэныгъэ щызрагъэгъуэт студент 11000-м нэсым. Университетым и институти 9-м, факультети 3-м, зы колледжым щыхурагъаджэ IэщIагъэ 94-м. Ди еджапIэ нэхъыщхьэр къэзыухахэм къахэкIащ Урысей Федерацэм, хамэ щIыналъэ куэдым цIэрыIуэ щыхъуа щIэныгъэлIхэр, егъэджакIуэхэр, инженерхэр, хабзэубзыху, гъэзэщIакIуэ властыр зыIэщIэлъ къэрал къулыкъущIэхэр, хьэрычэтыщIэ лъэрызехьэхэр.

Политик Iущ, щIэныгъэлI щыпкъэ, зи гупсысэкIэрэ Iуэху еплъыкIэрэ зиIэжу дунейм тета цIыху телъыджэ Бэрбэч ХьэтIутIэ университетым и зэфIэувэныгъэм хилъхьа гуащIэмрэ зэфIэкIымрэ кIуэдакъым. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и япэ ректорым и гъащIэ купщIафIэм, лъэпкъ щIэныгъэмрэ щIыналъэ зыужьыныгъэмрэ абы хуищIа хэлъхьэныгъэ инхэм хуэфащэ жьантIэ увыпIэр щаубыд ди республикэм и тхыдэм. Абы и цIэр ирипагэу зэрехьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

**КЪАРДЭН Маритэ.**




# Зыужьыныгъэр зи плъапIэ Нарткъалэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр IупщIу къызыхэщыжхэм ящыщщ Аруан районым и къалащхьэ Нарткъалэ. Ди республикэм къэралыгъуэ игъуэтыным иджыри илъэс зыбжанэ иIэу зи лъабжьэр ягъэтIылъа жылэр занщIэу теуват зыужьыныгъэм и гъуэгу мытыншым - цIыху гъащIэхэр, щыщIэныгъэхэр, гугъуехьхэр зыпыщIам, ауэ зыужьыныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ уахуэзышэм. Зи ныбжьыр илъэси 100-м щIигъуа Нарткъалэ къикIуа гъуэгуанэри гъэнщIащ лэжьыгъэфIхэмкIэ, текIуэныгъэ инхэмкIэ, абы и тхыдэм IупщIу хыболъагъукI къалэм игъуэта зыузэщIыныгъэм щыхьэт техъуэ Iуэхугъуэфхэр, ехъулIэныгъэ лъагэхэр, псом я щхьэращи, щапхъэу бгъэлъагъуэ хъуну цIыху гъащIэ купщIафIэхэр.**

«НАРТХЭМ я къалэкIэ» нобэ зэджэ жылэ Iумахуэм щIэдзапIэ хуэхъуар 1913 гъэм абы щаухуауэ щыта гъущI гъуэгу станцырщ. Налшыкрэ Котляревскэ станицэмрэ зэпызыщIэ а къэувыIэпIэм «Докшукино» цIэр игъуэтауэ щытащ нэхъ пэгъунэгъу дыдэу къыщылъ Дэхъущокъуэхэ я къуажэм (иджы Къэхъуным) зэреджэм ещхьу. ПсыпцIэм зэщIищта щIыпIэм мафIэгур къызэрыкIуэфыр тхьэмахуэм тIэу къудейрэт. ЩIыналъэ зыужьыныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт «Докшукино» станцым. Абы и фIыгъэкIэ заубгъуащ ди республикэмрэ нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ яку дэлъ сату зэпыщIэныгъэхэм, Налшыки хъуащ цIыху кIуапIэ, зыгъэпсэхупIэ.

Гъавэ бэв гъэкIынымкIэ нэхъапэми цIэрыIуэу щыта ди щIыналъэм сатуущIхэр къызэхуежат. Псом хуэмыдэу щIэупщIэшхуэ иIэт нартыхум, гуэдзым. Ахэр Урысейм и щIыпIэ жыжьэхэм нагъэсыфырт мафIэгухэмкIэ.

1920 гъэм станцым пэгъунэгъуу къыщызэIуахащ гъавэхэр здрашалIэ, ахэр мафIэгухэм илъхьэным щыхуагъэхьэзыр пункт. Жэщ-махуэ имыIэу лажьэ станцыр жэщым фэтыджэн уэздыгъэкIэ къагъэнэхурт, мафIэгухэр лъэпощхьэпоуншэу къытехьэн, къыщыувыIэн папщIэ.

Япэ илъэсхэм станцым и унафэщIу щытащ Еленовский Егор. Станцымрэ хъумапIэмрэ пэмыжыжьэу къыщащI псэупIэхэм щIэс унагъуэхэм я сабийхэр щеджэн папщIэ, станцым и унэм щыщ зы пэш а Iуэхум хухахыну Еленовскэм унафэ ищIауэ щытащ. Апхуэдэуи ящIащ. Станцымрэ хъумапIэ пунктымрэ щылажьэхэм я бынхэм дерс зэхуэмыдэхэр иратырт тхьэмахуэм тIэунейрэ Налшык къикI егъэджакIуэхэм.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, 1921 гъэм ирихьэлIэу станцым и Iэшэлъашэм къыщыхъуащ жылэ цIыкIу, «Докшукино»-кIэ еджэу. Ар Къэхъун къуажэ Советым и унафэм щIагъэувауэ щытащ.

Нарткъалэ зыужьыныгъэшхуэ щигъуэтар лIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэрщ. Абы ирихьэлIэу жылагъуэм щаухуакIэт гъавэ хъумапIэ хъарзынэ. «Посёлок» цIэр зыгъуэта а жылэ цIыкIум и цIыхухэми къахэхъуэ зэпытт. Абы иджы щыпсэурт унагъуэ 35-рэ, цIыхуи 160-рэ хъууэ. А бжыгъэхэм адэкIи хэзыгъахъуэ щхьэусыгъуэхэм ящыщт щIыпIэм спирт завод щаухуэу зэрыщыщIадзар. Ар зэфIэгъэувэным жыджэру хэтащ щIыналъэм, къэралым я щIалэгъуалэр, хамэ щIыпIэхэм къикIа IэщIагъэлIхэр, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр. А заводым и япэрей унафэщIу щытащ Iэщнокъуэ Iэмин, Рейнгард Андрей сымэ.

1932 гъэм жылэм дащIыхьащ щIыдагъэ хъумапIэ. Абы гъэсынпхъэкIэ къызэригъэпэщырт Аруан, Совет (иджы Шэрэдж) куейхэм щыIэ IуэхущIапIэхэр, колхозхэр, совхозхэр. Жылэр зыхыхьэ районым и центрыр абы щыгъуэм здэщыIэр Старэ Шэрэджт. 1934 гъэм посёлкэм лажьэу щыщIидзащ пхъэщхьэмыщхьэхэм, хадэхэкIхэм щелэжь комбинатым (иджырей консерв заводым).

Апхуэдэурэ, щIыпIэм промышленностым зыщиужьыху, зиузэщIащ жылэ цIыкIуми. IэнатIэщIэхэр къызэIуахыху, абыхэм щылажьэ цIыхухэми я бжыгъэм хэхъуэрт, псэупIэ унэщIэхэри щаухуэрт. 1935 гъэм ирихьэлIэу Докшукинэм иIэж хъуащ езым и жылэ Совет. Абы и япэрей унафэщIу щытащ Iэщын ЛIыхъу.

Ауэрэ екIуэкIыурэ, посёлкэм къалафэ къытеуащ. Абы иIэт радио, телефон, и уэрамхэм уэздыгъэхэр къыщыблэрт. Щаухуат сымаджэщ, лъхуапIэ унэ, школ, клуб. 1939 гъэм абы щыпсэурт цIыху мини 5-м щIигъу. БлэкIа илъэси 10-м къриубыдэу абы и цIыхухэм я бжыгъэм хэхъуат хуэдэ 30-м щIигъукIэ. А лъэхъэнэм жылэм фIащауэ щытащ «къалэ теплъэ зиIэ посёлкэ» жиIэу.

Лэжьыгъэшхуэ щекIуэкI жылэм и мамыр гъащIэр къызэпиудащ 1941гъэм къэхъеяуэ щыта Хэку зауэшхуэм. Абы щыпсэухэм ящыщу фронтым кIуащ цIыху миным нэблагъэ. 1942 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Докшукинэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм яубыдащ. МазитIым щIигъукIэ бийр дэсащ жылэм. Абыхэм зэтракъутат связыр, псы зэрыкIуэ бжьамийхэр, заводхэмрэ гъущI гъуэгу вокзалымрэ къагъэуат. Псори зэхэту къапщтэмэ, бийм жылэм къыхуихьа хэщIыныгъэр сом мелуани 10-м щIигъу и уасэ хъурт. 1943 гъэм и щIышылэм и 4-м жылэр хуит къащIыжауэ щытащ советыдзэм и зауэлIхэм. Нарткъалэдэсхэм ящыщ куэдым я псэр щIатащ ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къихьыным. Зауэм дэкIахэм ящыщу псэууэ къэзыгъэзэжар цIыху 417-рэ къудейт. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, лIыгъэ зэрахьэу абы хэтахэм я фэеплъ иужькIэ дащIыхьащ къалэкум. Зи дамэпкъ зэгъэкъуа щIалитIыр - урысымрэ адыгэмрэ - я дамыгъэщ Нарткъалэ щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэ быдэм, зэгурыIуэныгъэм. Жылэр щытIысагъащIи илъэсищэ ныбжьым щынэсаи - абы щыпсэу лъэпкъхэр дапщэщи зэкъуэту хуолажьэ я лъахэм и ехъулIэныгъэм, зыузэщIыныгъэм, зэIузэпэщыгъэм.

1944 гъэм накъыгъэм и 29-м РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Аруан куейм и центрыр Старэ Шэрэдж къыдахри, зыужьыныгъэфI зыгъуэта Докшукинэм къахьащ. Жылэм нэхъ псынщIэжу зиузэщIу хуежьащ. Абы нэхъыбэжу къыщызэIуахащ егъэджэныгъэ, медицинэ, щэнхабзэ, пощт, цIыхухэм IуэхутхьэбзэзэмылIэужьыгъуэхэр щыхуащIэ нэгъуэщI IэнатIэхэр. Нэхъри зауэжьащ промышленнэ IуэхущIапIэхэм. Илъэс 11 дэкIри, 1955 гъэм, Дохъушыкъуей посёлкэр къалэ хъуауэ къалъытащ. Абы дэтт чырбыш завод, фэм щелэжь комбинат, цIыху 300 зэрыхуэ стадион, сабии 100 зэкIуалIэ сабий сад, куей сымаджэщ. 1967 гъэм жылэм игъуэтащ нобэрей и фIэщыгъэ дахэр - Нарткъалэ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 70 - 80 гъэхэм Нарткъалэ ухуэныгъэ инхэр щекIуэкIащ. Абы школыщIэхэр, сабий садхэр, хьэщIэщ, цIыхухэм IуэхутхьэбзэщыхуащIэ унэр, «Телеавтоматика» заводыр дащIыхьащ, псэупIэ унэ дэгъуэхэр къыщыунэхуащ къалэм къыпагъэхъуа микрорайон цIыкIухэм; зыгъэпсэхупIэ паркым, къалэ гуэлым я лъабжьэхэр ягъэтIылъащ; кинотеатр, связымкIэ IуэхущIапIэ ин, нэчыхь щатх уардэунэ къызэIуахащ. А илъэсхэм Аруан куейм и унафэщIу щытащ иужькIэ ди республикэм и япэ Президент хъуа КIуэкIуэ Валерэ. ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ КIуэкIуэм зэфIиха Iуэху псори къытхуебжэкIынукъым, ауэ къыжыIапхъэщ ар куейм и тхьэмадэу щыщыта лъэхъэнэм илъэс къэс фэтэр 200 яухуэу зэрыщытар. Фэтэр 400 хъу апхуэдэ псэупIэ унэшхуэ зэратым къыхузэрагъэпэща дауэдапщэм кърихьэлIауэ щыта Мэлбахъуэ Тимборэ Нарткъалэ игъуэт зыужьыныгъэм апхуэдизу щыгуфIыкIати, гушыIауэ щытащ, ауэрэ екIуэкIмэ, ар республикэм и къалащхьэ хъункIэ хъуну.

90 гъэхэм, къэралым, республикэм я жылэ инхэми хуэдэу, Нарткъали зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, къэрал IуэхущIапIэхэм ящыщ куэд акционер зэгухьэныгъэхэм, унейм мылъкухэм хуагъэкIуащ, хьэрычэтыщIэ Iуэхум жыджэру зыщиужьащ.

МафIэгу къэувыIэпIэу, гъавэ зэхуэхьэсыпIэу къэунэхуа станц цIыкIур нобэ ди республикэм, Кавказ Ищхъэрэм я жылэ нэхъ дахэ дыдэхэм, щхъуантIагъэр зи бэхэм ящыщщ. Гектар 943-рэ зыубыд къалэм щопсэу Аруан куейм цIыхуу исым я Iыхьэ щанэм щIигъур: мин 36-м нэс. ЗэгурыIуэу зэдопсэу адыгэхэри, балъкъэрхэри, урысхэри, къущхьэхэри, тыркухэри, алыджхэри, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIа псори. Абы дэтщ промышленнэ IуэхущIапIэ ину 20-м щIигъу, курыт школи 6, сабий сад зыбжанэ, ухуакIуэ гуп щхьэхуэу 10-м нэс, транспортым, связым, энергетикэм я предприятэ инхэр, типографие, «Маяк» газетым и редакцэр, шхапIэ дэгъуэхэр, тыкуэн ехьэжьахэр, бизнес-центрыр, спорт, макъамэ школхэр, сабий джэгупIэ ут цIыкIуэхэр, зыгъэпсэхупIэ паркхэр. ЕхъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэ технологие пэрытхэр шэщIауэ къыщагъэсэбэп «Агро+», «Стандарт-спирт», «Эрпак», «Винзавод», «Агрохимие», нэгъуэщI IуэхущIапIэ лъэрызехьэхэм. Къалэ дэлъэдапIэм щаухуа гъэсыныпхъэ игъэхъуапIэхэр екIущ икIи дахэщ. Къалэ уэрамхэм тета светофорхэр иджырей мардэм къитIасэхэмкIэ зэрызэрахъуэкIрэ куэд щIакъым.

Нарткъалэ игъуэта зыужьыныгъэр зи фIыщIэр абы и цIыхухэрщ, и Iуэхухэр, и псэукIэр егъэфIэкIуэным псэ хьэлэлу хуэлэжьа, илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм район, къалэ унафэщIу щытахэрщ. А Iуэхухэм зи гуащIэ хьэлэл хэзылъхьахэм ящыщщ КIуэкIуэ Валерэ, Ахъмэт Мусэбий, Къандэхъу Мухьэрбий, ГъукIапщэ Мухьэмэд, Хьэсанэ Хьэжмурид, Жаморэ Суфян, Щоджэн Мухьэмэд, Бозий Натбий, Ерчэн Темболэт, Балъкъыз Замир, Къудей Руслан, Джатэжьей Борис, Таймасхъан Адылбэч, Уэркъуасэ Анатолэ, Хьэмгъуокъу Леонид, Къанокъуэ Антемыркъан, Мер Владимир сымэ, нэгъуэщIхэри.

Жылэ Iумахуэм и гъащIэр нобэ яунэтI Аруан район администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт, къалэм и унафэщI Батий Исмэхьил, абы щыпсэу хэкупсэ цIыхухэм. И уэрамхэм я къабзагъэкIэ, унэхэм я теплъэ дахэмкIэ, щыпсэу цIыхухэм я нэгум кърих гуапагъэмкIэ адрей къалэ цIыкIухэм йофIэкI Нарткъалэ. Абы и щыхьэтщ къалэ цIыкIухэм я къэралпсо зэпеуэхэм ар мызэмытIэу пашэ зэрыщыхъуар.

Тхыдэм къыфIища цIэ уардэм - Нарткъалэ - хуэфащэу зэрыпсэуным дапщэщи хущIокъу къалэдэсхэр. ЕхъулIэныгъэм, зыузэщIыныгъэм я гъуэгум тет жылэр илъэс минкIэрэ ущыIэну дынохъуэхъу, ди Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр нэхъри бгъэбыдэу, бгъэлъэщу!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**





# Мысостышхуэ Былэ Iэгу хуоуэ

**Псыгуэнсу адыгэ къуажэм япэм зэреджэу щытар Жанхъуэтхьэблэщ. ЗэрыжаIэжымкIэ, ар 1808 гъэм жылэу игъэтIысат Кушыкупщым. Совет властыр ува нэужькIэщ (1920 гъэм) къуажэм и цIэр ПсыгуэнсукIэ щызэрахъуэкIыжар. Ар къызытехъукIари жылэр зи Iуфэ Iус псым и цIэрщ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и адрей жылэхэми хуэдэу, Псыгуэнсум зиужьу щыхуежьар ди щIыналъэм къэралыгъуэ игъуэта нэужьщ. Абы и цIыхухэр псэукIэщIэм и телъхьэти, коммунистхэм, къуажэ унафэщIхэм къыхалъхьэ жэрдэмыщIэхэр къащтэрт.

Жылэм и тхыдэм зи цIэр фIыкIэ къыхэна куэд диIэщ псыгуэнсудэсхэм, ар гуащIэдэкI лэжьыгъэ е гъуазджэ жыпIэми, егъэджэныгъэ е спорт хъуми. Сыт и уасэ Псыгуэнсум и иджырей тхыдэр зыгъэбжьыфIэ щIалэ къуданхэмрэ пщащэ екIухэмрэ! Абыхэм, шэч хэмылъу, щапхъэ яхуэхъуащ япэ ита нэхъыжьыфIхэу Хэку зауэшхуэм ипэ къиху илъэсхэм, абы къыкIэлъыкIуа лъэхъэнэм жылэр зэрыгушхуэу щытахэм.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэм зэфIэува «Псыгуэнсу» колхозыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпэрытхэм ящыщ зэрыхъуам, шэч хэмылъу, и фIыгъэ хэлъщ къуажэм и парторганизацэм. Коммунист партым а зэманым хуабжьу зигъэткIийрт. Обкомым и унафэкIэ Псыгуэнсум я парт зэгухьэныгъэм и секретару ягъэуват Къардэнгъущ I Мурид ПIатIурэ и къуэр. Ар хуабжьу щIалэ жант, жыджэрагъышхуи хэлът икIи лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ хьэлэмэтт. Зи псалъэм пщIэшхуэ иIэ унафэщIыр и къаруи и зэмани емыблэжу 1931 гъэм къыщыщIэдзауэ 1937 гъэ пщIондэ ерыщу яужь итащ псэукIэщIэр жылэм щызэфIэгъэувэным. КъардэнгъущIым и псэемыблэж лэжьыгъэр гулъытэншэ ищIакъым къэралым. Абы къыхуагъэфэщауэ щытащ «ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь» орденыр.

Жэуаплыныгъэ зыпылъ нэгъуэщI IэнатIэхэри ирихьэкIащ КъардэнгъущIым. Ар лэжьащ Налшык Росснаббытым и унафэщIу, Псыгуэнсу щызэхэт хозяйствэм и тхьэмадэу, къуажэ Советым и пашэу, Совет районым щыIэ пхъэщхьэмыщхьэ-хадэхэкI зэгухьэныгъэм и унафэщIу.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям щыгъуэ, бий бзаджэм щхьэмыгъазэу япэщIэува совет зауэлIхэм яхэтащ Мурид. Ар щызэуащ Ипщэ фронтым, ротэм и командирым политикэ IуэхухэмкIэ и дэIэпыкъуэгъуу. Зауэр иухыу къыщыкIуэжам щыгъуэ, Мурид и бгъэгум щылыдырт дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ. Сталиным и Iэр зыщIэлъ щытхъу тхылъи яхэлъу ахэр ноби щахъумэ КъардэнгъущIхэ я унагъуэм.

Мурид и тетыгъуэм Псыгуэнсум и цIэр жыжьэ зыгъэIуахэм ящыщщ абы щызэхэта колхозым и звеновод пашэ Мысостышхуэ Былэ. Аращ адыгэ бзылъхугъэхэм ящыщу Ленинным и орденыр япэ дыдэу зратауэ щытар. Москва яшэу Кремлым щыщагъэлъэпIам щыгъуэ, къэралпсо утыкум Былэ щыжиIат мы псалъэхэр: «Мы гъэм си звеном гектарым хуэзэу нартыху центнери 100 къытрихамэ, етIанэгъэ абы иджыри щIыдгъунущ гектар къэс хуэзэу центнер 40. Къыспеуэну гукъыдэж зиIэхэр социалист зэхьэзэхуэм фыкъыхузоджэ!» А псалъэри игъэпэжат.

ЗэрыжаIэжымкIэ, апхуэдиз жыджэрагъ зыхэлъ бзылъхугъэ цIыкIум Сталиныр и ныбжьымкIэ къыщеупщIым, илъэс 17 зэрыхъуар жиIат Былэ. Залышхуэм щIэсхэр абдежым къэтэджри Iэгуауэ ин хуаIэтауэ щытащ зэфIэкIышхуэ зиIэ бгырыс пщащэ цIыкIум.

Союзпсо мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэм мызэмытIэу хэта, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта Мысостышхуэр фIыуэ зэрылажьэм къыдэкIуэу, спортым дихьэхырт. Апхуэдэу абы и унафэм щIэту Псыгуэнсум а зэманым щылэжьащ драмэ, макъамэ, къэфакIуэ гупжьейхэр.

Ди къуажэм и цIэр гуащIэдэкI лэжьыгъэшхуэкIэ зыгъэIуахэм ящыщщ Былэ хуэдэу я къару емыблэжу колхоз ухуэныгъэм хэтахэу бригадир Гъуэгунокъуэ Хьэжысмел, хозяйствэм и тхьэмадэ Темыржан ГъутI сымэ, нэгъуэщIхэри. Зи къэралыгъуэм и махуэшхуэр мы махуэхэм зыгъэлъапIэ ди республикэм и тхыдэм зэи хэкIуэдыкIыжынукъым абыхэм цIэхэр. Апхуэдэхэм я гъащIэр дапщэщи щапхъэ нэсщ къытщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ.

**МЭКЪУАУЭ Iэмырбий,**
*лэжьыгъэм и ветеран.*
*Псыгуэнсу къуажэ.*

● ФокIадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ

# ЦIыхухэр къыпхуеиныращ насыпым и курыхыр

**УФ-мрэ Адыгеймрэ я цIыхубэ артист, Абхъаз Республикэм щIыхь зиIэ и джэгуакIуэ Кукан Мурат къыщалъхуа махуэр щигъэлъапIэм ирихьэлIэу Адыгейм къыщыдэкIа тхыгъэхэм къыхэтха пычыгъуэхэмкIэ зи цIэ къитIуа цIыху сэнаушыфIэр нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцIыхуну ди гуапэщ. Тхыгъэхэр я IэдакъэщIэкIщ гъуазджэм и лэжьакIуэ Щхьэлахъуэ Светланэрэ журналист Корниенкэ Верэрэ.**



КУКАН Мурат Рашид и къуэр 1950 гъэм Тохъутэмыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. «Си гъащIэр зэрыщыту детективщ, - игу къегъэкIыж Мурат. – Си адэр шагъыр щыщIаху заводым и унафэщIти, къуажэ еджапIэр къыщызухым Бжьэдыгъукъалэ (Краснодар) дэт химико-технологическэ институтым сыщIагъэтIысхьащ, махъсымэщI Iэзэ сыхъуныр си къалэну. Ауэ япэрей щIэныгъэ къэпщытэгъуэм сакъыфIыщIэкIыжащ: нэмыцэбзэмрэ тхыдэмрэ уакъыфIэкIмэ, си щхьэр зэтезыху «начертательнэ геометрием» деж щегъэжьауэ, дызрагъаджэ щIэныгъэхэм сызэхъулIэ зыри яхэттэкъым».

Зи гугъу ищIа институтым Куканыр илъэс ныкъуэ фIэкIа щемыджэу къыщIокIыжри, Мейкъуапэ дэт пединститутым и филологие факультетым щIотIысхьэ. Пединститутым щеджэху Мурат бэнакIуэхэм яхохьэ, къинэмыщIауэ, атлетикэ хьэлъэмкIи лъэрызехьэ мэхъу.

«ЕтIуанэ курсым сыщIашри армэм сашат. Германием кIуэхэм сазэрыхэхуам и фIыгъэкIэ дунейр зэзгъэлъагъуну Iэмал згъуэтат. Фочи згъэуащ, танк лъабжьэми сыщIэлъащ, концертхэри щызгъэуващ. ГДР-р илъэс 25-рэ щрикъу махуэм си портянкэм адыгэ цей къыхэсщIыкIри ислъэмей сыкъэфауэ щытащ».

ЕджапIэм щыщIэс зэманым щегъэжьауэ, Куканым и актёр гъуэгур хуэм-хуэмурэ, езыр-езыру къызэIукIын щIедзэ. Пединститутыр къиухыным мазищ фIэкIа имыIэжу, студент театрым фIыкIэ хэпщIа хъуа щIалэр Адыгейм и облисполкомым ираджэри, Ленинград артист IэщIагъэм щыхуеджэну ягъакIуэ. Абдежым щыщIэдзауэ, Куканым зэрыжиIэмкIэ, ар езыр зыщIэхъуэпсым IэкIэ теIэбэн щIидзащ.

«1972 гъэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэм и дипломыр къысIэрыхьэным зыхуэзгъэхьэзырэ пэт, Театрым, музыкэм, кином я институту Ленинград дэтым лъэпкъ студие къыщызэIуахати, сэри си къарум сеплъыжыну сытрагъэгушхуащ. Ауэ ди адэм: «Зэ пединститутыр къэух», - щыжиIэм, зызгъэхъеякъым. ИтIани, си насып хэлъ къыщIэкIынти, гъатхэм щIагъэтысхьахэм нэмыщI иджыри гупыщIэ къащтэу къыщIэкIри абыхэм садежьат. Къэпщытэныгъэхэм сыхэту Есениным и псалъэхэр зыщIэлъ «Си унэжьыр сыбгынащ» уэрэдыр щыжысIэм, Есениным дежьу адыгэ щIалэм къэпщытакIуэхэр фIыуэ къигъэуIэбжьат. ИтIанэ ислъэмей сакъыхуэфащ. КъыкIэлъыкIуэу Андрушкевич Владислав и гъусэу сыкъыщIанэри, егъэджакIуэр кIыхьу литературэмрэ гъуазджэмрэ къыздытепсэлъыхьащ. КъызэрызгурыIуамкIэ, си къэухьыр, си урысыбзэр здынэсыр зэхагъэкIыу арат. ЦIыхуфIт, цIыху Iущт ар. Сигу къинэжауэ жиIахэм ящыщщ: «Театрым щылэжьэну цIыхур ебгъэсэну гугъущ. Iэмал зыхуэбгъуэтынкIи хъунур абы езым лъэкIынур и фIэщ пщIыжынырщ, утыкум итыну зэрыхузэфIэкIынур зыхебгъэщIэнырщ». Сытми, институтым дакъикъэ плIыщIым сыщIэхуат, ауэ егъэджакIуэ дипломым Новосибирск и Iэгъуэблагъэм щыIэ Каргат къалэм сунэтIын хуейуэ къыспиубыдырт. Аргуэру си насып кърихьэкIри, щIэпхъаджащIэ ныбжьыщIэхэм я колоние сыздагъэкIуам къыздеджа щIалэ щылажьэу къыщIэкIри, ар егъэджакIуэ къалэныр сщхьэщахынымкIэ къыздэIэпыкъуащ».

1976 гъэм IэщIагъэр зригъэгъуэту хэкум къэкIуэжа щIалэр зэман кIэщIым Адыгэ къэрал театр утыкум цIэрыIуэ щохъу. «Куканым и гъусэу къэкIуэжа гупыр зэчиифIэ защIэт», - етх Щхьэлахъуэм. Институтыр къыщиуха илъэсым Мурат адыгэ цIыхубэм я пащхьэ къихьат Дон Кихот и ролыр игъэзащIэу. ГупсысэкIэ къызэрымыкIуэ зыбгъэдэлъ, Iуэхум тегушхуауэ бгъэдыхьэ артистыр джэгу къудей мыхъуу, лъэпкъ театрым унэтIыныгъэщIэхэр зэрыритыну щIыкIэри къыфIэIуэхурт. Урысейм фIыуэ щацIыху Гоголь и «Ревизор»-м хэт Хлестаковыр, Мольер и «Тартюф»-м хэт Оргоныр, Горин Григорий и «Тиль Уленшпигель»-м хэт Тилыр, - зэманышхуэ ихьынущ Куканыр зэрыджэгуа ролхэр къыубжэкIыным. Абдеж къыщымынэу, Кукан Муратрэ абы щхьэгъусэ хуэхъуа усакIуэ Хъунэгу Саидэрэщ адыгэ театрым «утыку монологхэр» япэу къизыхьар. «Нэхъыбэ схузэфIэкIыну щытауэ жыпIэ хъунуми, сыарэзыщ си театр гъащIэмкIэ, - пещэ Мурат. - Сызыхуэарэзы цIыху псоми япэ итыр си щхьэгъусэ Хъунэгу Саидэщ. Мэзкуу литературэ институт къызэрыщиухам хуэдэу, Саидэ, зэрыжаIэу, и пшыналъэр игъэлъэныкъуабэурэ ди унагъуэ гъащIэр, ди сабиищым япыщIа къалэнхэр и пщэ дилъхьэжри, сэ лэжьыгъэм зестыпэну хуит сищIащ. Артистым дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ театрым уи жэщи уи махуи, уи гупсыси уи пси зэщIеубыдэри, жьы дэхупIэ къуиткъым. Саидэ езыми усэ телъыджэхэр, пьесэхэр, монологхэр зэхелъхьэ, абы и IэдакъэщIэкIщ фильм кIэщI дгъэувахэр. ИпэжыпIэкIэ Саидэ сэрэщ адыгэ театрым закъуэрыпсалъэ теплъэгъуэ, «монолог» жыхуаIэхэр, япэу къыхэзыхьар.

Хьэлыр сэбэп хуэхъурэ лэжьыгъэм жыпIэу ущIэупщIэмэ, сэ насып лейуэ солъытэ цIыху нэфIэгуфIэу сызэрыщытыр. Мюнхгаузен жиIауэ щытар сигу ихужыркъым: «Фыгуфlэ, зиусхьэнхэ! Уи нэщхъыр зэхэплъхьэ къудей щхьэкIэ губзыгъафэ къыптеуэнукъым». Хъуапсэрилэхэми сащыщу зыслъытэжыркъым. Театрыр гъащIэм и Iыхьэу аращ, езы гъащIэр абы нэхърэ куэдкIэ нэхъ инщ.

Генри Мур жаIэри скульптор гуэр щыIащ. Абы жиIэрейт: «Гурымыкъхэм игъащIэм фIыуэ зыри къагъэщIакъым». Сэри аращ сызытетыр. ЗэныкъуэкъумрэзэдауэмрэгъащIэр щIебгъэхьын щыIэкъым. Театрым уи ролыр къытебгъэзэжурэ щыбгъэзащIэ хъу щхьэкIэ, гъащIэм къытегъэзэжыпIэ къуиткъым. Мис, иджыпсту дыпсэлъэхуи ди гъащIэр макIуэ, къытхуапща илъэс бжыгъэр йокI. Пэжщ, театрым гъащIэ зыбжанэ къуигъэпсэун хузэфIокI, сэ нобэми сыбжакъым роль згъэзэщIахэм я бжыгъэр».

Кукан Муратрэ Хъунэгу Саидэрэ бынищ зэдапIащ. Я щIалэ нэхъыжь Алий Мэзкуу дэт РУДН-м и магистратурэм щоджэ, Азнаур Дон-Iус-Ростов щIэныгъэ щызрегъэгъуэт, япхъу Бэллэ Адыгэ къэрал университетым щIэсщ.

2006 гъэ лъандэрэ Кукан Мурат Адыгейм и цIыхубэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэу мэлажьэ.

Уи ныбжьыр Тхьэм ирыригъэкъу, Мурат!

**ХЬЭПЦIЭ Iэуес.**

● ТхылъыщIэхэр

# «Къэбэрдей пщыхэр»

**Ар зи Iэдакъэ къыщIэкIа Къардэн Чэлимэт щIэныгъэ тхыгъэу 50-м щIигъу, тхылърэ брошюрэу 12 дунейм къытригъэхьащ. 1997 гъэм абы къыдигъэкIа «Къэбэрдей пщы къудамэхэм я тхыдэ» тхылъыр урысыбзэкIэ зэрадзэкIри, «Путь к России» фIэщыгъэм щIэту 1991 гъэм тхылъеджэхэм яIэрыхьащ.**





**Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдагъэкIа тхылъым XVI лIэщIыгъуэм щегъэжьауэ XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм нэсыху Къэбэрдейм иIа пщыхэм ятеухуа очерк гъэщIэгъуэнхэр щызэхуэхьэсащ.**

- А ЛЭЖЬЫГЪЭРАЩ «Князья Кабарды» тхылъым лъабжьэ хуэхъуар. Ар тхыдэм, унафэхэм, ди деж къэсыжа дэфтэрхэм зи цIэр къыхэщыж цIыху пэрытхэм ятеухуащ, - жеIэ тхылъ тедзапIэм и унафэщI Котляров Виктор. - ТхакIуэм зи гугъу ищIхэм хахуагъэу яхэлъыр, гузэвэгъуэу я щхьэ кърикIуэм къыхуагъуэт хэкIыпIэхэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Языныкъуэ пщыхэм ятеухуауэ авторым къигъуэтыжар мащIэ дыдэщ, ауэ щыхъукIи, тхыдэм щымыгурыIуэгъуэ куэд зэфIегъэувэж. ФIыуэ ямыцIыху е зи цIэр ящыгъупщэжа къэбэрдей пщы куэд къыдегъэцIыху, я гъащIэм щыщ Iыхьэ гуэрхэм щыгъуазэ дещI, лъэпкъым и къекIуэкIыкIар зэфIегъэувэж.

А лэжьыгъэшхуэм тхакIуэм щыIэщIэкIа щыуагъэ гуэрхэр тегъэщIапIэ зыщIхэри щыIэщ, ауэ сэ къызэрыслъытэмкIэ, абыхэм тхылъыр фагъуэ щIэхъукIыркъым. Ар укъызыхэкIа лъэпкъым, ущалъхуа щIыналъэм, абы хуэлэжьа цIыхухэм пщIэ яхуозыгъэщI тхылъщ.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

# КIурашын Алий и гупсысэ пэжхэр

**Аращ зэреджэр «Принт Центр» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ дунейм къыщытехьа тхылъым. Ар къыдигъэкIащ ХьэтIохъущыкъуей жылэм щыщ, илъэс 45-кIэ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрыта, рассказхэр, усэхэр зи къалэмыпэм къыщIэкIа КIурашын Алий.**

МЫ ЛЭЖЬЫГЪЭМ щызэхуэхьэсащ акъыл жанхэр, гупсысэ пэжхэр, адэ-анэхэм я зэхущытыкIэ дахэм, лъагъуныгъэм, гъэсэныгъэм, ущииныгъэм, адыгэхэм я псэукIам, щIэблэм я къэкIуэнум теухуа жыIэгъуэхэр. Апхуэдэу псалъэ пэжхэмрэ шэрыуэхэмри я мыхьэнэм куэд къызэщIаубыдэ. КIурашыным и тхылъым хигъэхьащ гъащIэм къыхиха гупсысэу, жыIэгъуэу, псалъэ пэж 1030-рэ. Ахэр хуэунэтIащ цIыхухэм я дуней тетыкIэм, хьэлщэным заузэщIыным, ефIэкIуэным, мыхъумыщIагъэхэм, ныкъусаныгъэхэм гу лъегъэтэжыным.

Зи бжыгъэр 300 фIэкI мыхъу мы лэжьыгъэр щIалэгъуалэми балигъхэми къахуэщхьэпэну, гунэс ящыхъуну ди гугъэщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**





● Футбол

# «Кэнжэр» иужь увыпIэм къокI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей чемпионатыр иухыным къэнэжар джэгугъуийщ. ДяпэкIэщ нэхъ хьэлэмэтыр къыщыхъунур.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ зэрыщIидзэрэ бжьыпэр зыIыгъ «Автозапчасть»-м чемпионыгъэр зыIэригъэхьэнымкIэ зыгуэр зэран къыхуэхъуфыну фIэщщIыгъуейщ. Бахъсэндэсхэр очкоибгъукIэ япэ ищакIэщ къыкIэлъеIэ «Союз-Сэрмакъымрэ» «Къэхъунымрэ». Пашэныгъэр зыубыдахэм джэгугъуэ щIагъуэ къэмынэу текIуэныгъэхэр зыIэрагъэхьэ икIи зэпеуэр иухыхукIэ абыхэм къахыхьэфын щыIэу къыщIэкIынукъым.

Зэрыхабзэу, зэхьэзэхуэм и кIэухым ирихьэлIэу къэбэдзэуэжу хуежьащ иужь увыпIэхэр зыIыгъхэр. Зыри хуейкъым гуп нэхъыщхьэм къыхагъэкIыну, арщхьэкIэ ар командэ нэхъыкIищым къапэщылъщ.

Иужьрей джэгугъуиплIым щэнейрэ щытекIуэри, кIэух увыпIэр, икIэм-икIэжым, ибгынащ «Кэнжэм». Абы и пIэр иубыдащ зэIущIи 8 хъуауэ зэкIэлъхьэужьу къыхагъащIэ «Iэдиихум». ЩытыкIэ гугъум итщ «ЛогоВАЗ»-р, «Спартак-Налшык-Д»-р, «Бахъсэныр», «Родник»-р. Ахэр иужь командитIым очкоих мынэхъ мащIэкIэ япэ ищакIэщ, арщхьэкIэ бэлэрыгъыпIэ яIэкъым. Псом хуэмыдэу джэгугъуитху хъуауэ зэкIэлъхьэужьу зыфIахь «Бахъсэныр».

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: тIощIрэ езанэ джэгугъуэ - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Велес**» (Къэрэгъэш) - **2:1**, «**Iэдииху**» (Iэдииху) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **0:3**, «**Спартак-Налшык-Д**» (Налшык) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **2:4**, «**ГорИс-179-Кавказкабель**» (Прохладнэ) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:0**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **5:3**, «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **4:0**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0:5**; тIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ - «**Кэнжэ**» - «**ГорИс-179-Кавказкабель**» - **2:1**, «**Родник**» - «**Спартак-Налшык-Д**» - **1:0**, «**Автозапчасть**» - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **3:0**, «**Велес**» - «**Iэдииху**» - **1:0**, «**ЛогоВАЗ**» - «**Бахъсэн**» - **8:2**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» - «**Къэхъун**» - **0:3**, «**Союз-Сэрмакъ**» (Налшык) - «**Бедик**» - **4:2**, «**Тэрч**» - «**Нарт**» - **3:0**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Автозапчасть»** | **22** | **19** | **2** | **1** | **80-19** | **59** |
| **2. «Союз-Сэрмакъ»** | **21** | **16** | **2** | **3** | **79-31** | **50** |
| **3. «Къэхъун»** | **22** | **15** | **5** | **2** | **72-31** | **50** |
| 4. «Тэрч» | 22 | 15 | 3 | 4 | 58-29 | 48 |
| 5. «Велес» | 22 | 12 | 2 | 8 | 63-58 | 38 |
| 6. «Нарт» | 22 | 11 | 2 | 9 | 53-53 | 35 |
| 7. «Бедик» | 22 | 11 | 1 | 10 | 49-44 | 34 |
| 8. «ХьэтIохъущыкъуей» | 22 | 9 | 5 | 8 | 51-54 | 26 |
| 9. «ГорИс-179-Кавказкабель» | 22 | 8 | 2 | 12 | 46-50 | 26 |
| 10. «Псыгуэнсу» | 20 | 7 | 5 | 8 | 37-44 | 26 |
| 11. «ЛогоВАЗ» | 22 | 6 | 3 | 13 | 51-76 | 21 |
| 12. «Бахъсэн» | 22 | 6 | 3 | 13 | 39-78 | 21 |
| 13. «Спартак-Налшык-Д» | 21 | 5 | 4 | 12 | 41-41 | 19 |
| **14. «Родник»** | **22** | **5** | **3** | **14** | **44-66** | **18** |
| **15. «Кэнжэ»** | **22** | **4** | **0** | **18** | **39-84** | **12** |
| **16. «Iэдииху»** | **22** | **3** | **2** | **17** | **25-53** | **11** |

● Телъыджэ



Налшык «Арбат»-кIэ йоджэ нобэ Къэбэрдей уэрамым.
*Сурэтыр* Къарей Элинэ *трихащ.*

**ХьэтIохъущокъуэхэ я жыг хадэм и лъэс зекIуапIэ нэхъыщхьэм тет псыутхыр ди къалащхьэр зыгъэдахэхэм ящыщ зыщ.**

# Иджы псыутхыр зыхуей хуагъэзэнущ

«МЫБЫ ремонт лэжьыгъэ нэгъэса иджыпстукIэ етщIэкIыну дыхунэсакъым, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу нэгъуэщI щIыпIэ зыбжанэ икIэщIыпIэкIэ зыхуей хуэдгъэзэн хуей зэрыхъуам къыхэкIыу. Апхуэдэхэт, къатщтэмэ, Къэбэрдей, Парковэ, Кадыровым и цIэр зезыхьэ уэрамхэр. Псыутхым и къэгъэщIэрэщIэжынри дымыгъэгувэну ди мурадщ. Ар хабжащ япэ игъэщыпхъэ Iуэхухэм», - жиIащ щэнхабзэм и паркхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмкIэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Хочуев Хъызыр.

● Налшык

Псыутхым и псы къижыпIэхэмрэ и лъащIэмрэ ягъуэта сэкъатхэр егугъуу зыхуей хуагъэзэнущ, абы иIэ архитектурэ теплъэ дахащэм зыкIи зэран хуэмыхъуу.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● КъБР-м и прокуратурэм

# НыкъусаныгъэхэрмащIэкъым

**Iуащхьэмахуэ районым и прокуратурэм къипщытащ псоми къагъэсэбэп щIы гъэтIылъыгъэхэр къыщыщIахкIэ, «Тырныауз бгы-руда компание», «Капитал-Инвест», «Монолит-Ахъмэт» ООО-хэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, IэнатIэм и кIэрыхубжьэрыхухэм, ахэр къызэрагъэсэбэпым, дыкъэзыухъуреихь дунейр, хьэуар, щIыгу фIыгъуэхэр хъумэным теухуа хабзэр къызэпауд, дыкъэзыухъуреихь дунейр зэрауфIейм пэкIуэр ятыркъым, абыкIэ учётым зыщрагъэтхакъым.

«ЗыхуэдэкIэ I-IV классу къалъытэ кIэрыхубжьэрыхухэр зэрызэкIэлъахь щIыкIэм и IуэхукIэ» 2013 гъэм шыщхьэуIум и 16-м УФ-м и Правительствэм къищта Унафэ №712-м зэрыщыубзыхуам хуэдэу, шынагъуэ зыпылъ кIэрыхубжьэрыхухэм я паспортхэр ягъэхьэзыракъым, 2ТП (кIэрыхубжьэрыхухэр), 2ТП (щIым и фIагъыр зэтегъэувэжын) формэхэм я статотчётхэмрэ 2015 гъэм кIэрыхубжьэрыхухэм зэрелэжьам я отчётхэмрэ яIэкъым.

КъищынэмыщIауэ, хьэуар зыуцIэпI щIыпIэхэм я щытыкIэр къапщытакъым, фIэкIыпIэншэу къагъэсэбэпынухэм я проектхэр зэхалъхьакъым, зыуфIей веществохэр жьым хаутIыпщхьэну, зэлэжь къыщIэхыпIэхэр къагъэщIэрэщIэжыну хуит зыщI тхылъхэр къыIахакъым.

Къахута ныкъусаныгъэхэм япкъ иткIэ, административнэ къуаншагъэ зылэжьахэм яхуэгъэзауэ Iуэхуи 8 къызэIуахащ икIи, щыхэплъэн папщIэ, КъБР-м дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэлъыплъынымкIэ и IуэхущIапIэм иратащ.

УФ-м и КоАП-р зымыгъэзащIэ IэнатIэхэм сом минищэм къыщыщIэдзауэ мин щитIрэ тхущIым нэскIэ йотхьэкъу е жэщ-махуэ бгъущIым нэблагъэкIэ я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIэ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

● «Iущхьэ» Iуэху

# ЩIэп тонным щIигъу

**Республикэ МВД-м НаркотикхэкIхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэм «Iущхьэ» Iуэхур щрагъэкIуэкIым Шэджэм районым щыпаупщIащ езыр-езыру къэкI щIэпыр.**

АФИЯНХЭКI зыхэлъ къэкIыгъэр гектарищым ирагъэкъэбзыкIын папщIэ техникэ хэха къагъэсэбэпащ.

ЩIэпыр щобагъуэ зытемылэжьыхь щIыхэм, пхъэнкIий идзыпIэхэм, ябгынэжа фермэхэм я Iэгъуэблагъэхэм. Наркополицейхэм илъэс къэс ирагъэкIуэкI мы лэжьыгъэр. Мы гъэм беспилотникхэр къагъэсэбэпащ щIэпыр къыщыкIар къащIэн папщIэ. ЩIэпыр къыщыкIар къызэрахутэу, щIы кIапэхэр зейхэмрэ бэджэнду къэзыщтахэмрэ къалэн щащI ар къахыну.

Хабзэм къегъэув щIыр зейхэм е ахэр къэзыгъэсэбэпхэм афиянхэкIхэр зыхэлъ къэкIыгъэхэр ирагъэкъэбзыкIыныр, армырамэ жэуап яхь, цIыхухэм къуэдыуэ сом мини 2-м нэблагъэ, юридическэ лицохэм сом мин 40-м нэс япшынын хуейуэ тралъхьэ.

***Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **ЩхьэщэмыщI Изэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1412